

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil analisis data bisa dicindekkeun tilu hal ieu di handap.

- 1) Kamampuh awal (pratés) saméméh ngagunakeun média audio-visual siswa kelas VII C SMP Kartika XIX-2 Bandung katitén rata-rata peunteun tés awal téh nya éta 66,29. Tina jumlah 38 urang siswa, siswa anu peunteunna di handapeun Kritéria Ketuntasan Minimal (KKM) atawa acan mampuh aya 20 urang siswa atawa 52,63%, sedengkeun siswa anu peunteunna saluhureun KKM atawa geus mampuh aya 18 urang siswa. Hasil tés awal (pratés) ieu nuduhkeun yén sacara umum siswa kelas VII C SMP Kartika XIX-2 Bandung masih kénéh can mampuh ngaregepkeun paguneman luyu jeung KKM.
- 2) Kamampuh ahir (postés) sabada ngagunakeun média audio-visual, siswa kelas VII C SMP Kartika XIX-2 Bandung katitén rata-rata peunteun tés ahir téh nya éta 82,71. Tina jumlah 38 urang siswa, siswa anu peunteunna saluhureun Kritéria Ketuntasan Minimal (KKM) atawa geus mampuh aya 31 urang siswa atawa 81,59%, sedengkeun siswa anu peunteunna di handapeun KKM atawa can mampuh aya 7 urang siswa. Hasil postés ieu mangrupa hasil sabada dilakukeun perlakuan (*treatment*) ngagunakeun média audio-visual. Hal ieu nuduhkeun yén sacara umum siswa kelas VII C SMP Kartika XIX-2 Bandung geus mampuh ngaregepkeun paguneman luyu jeung KKM, sarta média audio-visual loyog pikeun ngaronjatkeun kamampuh siswa.
- 3) Aya bédana anu signifikan antara kamampuh awal (pratés) dina ngaregepkeun paguneman jeung kamampuh ahir (postés) sabada dilakukeun perlakuan (*treatment*) ngagunakeun média audio-visual. Katitén tina hasil uji hipotésis data pratés jeung postés anu nuduhkeun yén ($t_{itung} 7 > t_{tabé}l 2,66$). Ku kituna, hipotesis alternatif (H_a) ieu panalungtikan nya éta média audio-visual éféktif pikeun ngaronjatkeun kamampuh siswa dina ngaregepkeun paguneman kelas VII C SMP Kartika XIX-2 Bandung, bisa ditarima.

5.2 Saran

Sabada diayakeun ieu panalungtikan ngeunaan éfektivitas média audio-visual pikeun ngaronjatkeun kamampuh ngaregepkeun paguneman, aya sababaraha saran, di antarana:

- 1) kudu aya komunikasi saméméh ngayakeun panalungtikan jeung pihak sakola, saperti jam pelajaran anu rék digunakeun pikeun panalungtikan, nataharkeun pakakas nu baris digunakeun (infocus jeung speaker) anu rék digunakeun nalika panalungtikan;
- 2) pangajaran ngaregepkeun paguneman bakal leuwih éfektif saupama saméméhna lumangsungna panalungtikan, siswa diatur heula tempat diukna sangkan merenah;
- 3) kuduna ulah aya nu ngaganggu ka kelas anu keur dipaké panalungtikan nalika panalungtikan lumangsung. Ieu hal bisa ngaganggu kana konséntrasi siswa, saperti guru pikét anu nanyakeun kahadiran siswa jeung ayana békara ti guru keur siswa;
- 4) guru kudu bisa ngaluyukeun prak-prakan panalungtikan jeung léngkah-léngkah anu aya dina RPP;
- 5) guru kudu leuwih kréatif jeung inovatif dina milih média pangajaran anu luyu jeung matéri ajar anu baris ditepikeun. Ngagunakeun média pangajaran anu inovatif sangkan siswa henteu ngarasa bosen nalika diajar, siswa tangtuna bakal leuwih aktif jeung kréatif upama média anu digunakeun inovatif sarta luyu jeung matéri ajar. Patalina jeung ieu panalungtikan, hal ieu tangtuna bisa mangaruh kana kamampuh siswa dina ngaregepkeun paguneman;
- 6) situasi KBM anu kondusif kudu dijaga sangkan siswa bisa leuwih mikaresep jeung museurkeun paniténna kana pangajaran basa Sunda utamana dina pangajaran ngaregepkeun paguneman;
- 7) dipiharep hasil tina ieu panalungtikan bisa nambahán widang paélmuan pikeun dijadikeun bahan tinimbangan panalungtik-panalungtik séjéenna jeung bisa ngawewegan panalungtikan saterusna dina widang pangajaran

ngaregepkeun paguneman boh ngagunakeun média audio-visual boh média pangajaran séjén.

